


UNOZVITENDA HERE IZVI?

 Zvino tisati tanamata, ndinoda kutaura izvi, kuti manheru apfuura, ndinotenda kuti ndizvo, ndakati kune mumwe mudzimai, “Kana ukangoita bedzi sezvatinorairwa kuti tiite, izvo zvaizogona...mwana aive nemusorobhangu, waizoserera.” Zvino musoro womwana uya wakaserera, manheru apfuura, nehafu yeinchi pakupima netambo. Naizvo zvomudzimai wacho auya nayo zvino pano.

² Zvino, chikonzero ndakaita izvi, hanzvadzi, zvine chinangwa. Waona? Kana ukagona kuona chimwe chinhu chinobatika chaitika, zvinoita kuti kutenda kwako kuwedzere kuramba uchizvitenda. Dzimwe nguva ndinozviita kungoitira, pamwe, sokuti ndinokumbira munhu wacho kuti asimuke, ofamba danho rimwe kana maviri, fambisa ruoko rwako, gonyesa-gonyesa munwe wako, chingori chimwe chinhu chaanogona kuita zvakasiyana, kungoitira kuti aone kuti zvole zvanaka. Vanobva vangotanga kusagadzikana uye nokufunga kuti hazvisi kuzoitika, asi zviri kuitika nguva dzose. Maona? Zvinotofanira kudaro.

³ Vangani vanoda kurangarirwa mumunamato, zvino? Mungasimudza here maoko enyu moti, “Ishe, zviiteiwo?” Ngatikotamisei misoro yedu.

⁴ Ishe, tichinzwa rwiyo rukuru rwekare rwechechi, rwakanyorwa neshamwari yangu inokosha, Paul Rader, “Tenda Chete,” tiri kufunga zvino nezvomukomana, akauyiwa naye namadzibaba ake kuvadzidzi, pasati papera mazuva anopfuura gumi mushure mokunge Jesu avapa simba rokudzinga madhimoni nokupodza vanorwara, zvino pano vakakundwa zvachose pane uyo waiva netsviyo. Ndokubva vaona Ishe wedu achiuya. Uye baba ndokubva vamhanya vakati, “Ishe, tinzwirei tsitsi. Mwanakomana wangu anotambudzwa nenzira dzakasiyana-siyana nedhimoni. Ndamuunza kuvadzidzi veNyu vakatadza kumuporesa.”

⁵ Jesu akati, “Ndinogona, kana uchitenda. Ingotenda bedzi.” O Mwari, Hamuna kumboshanduka kana nepadiki pose kubvira ipapo: Mungori Mwari mumwe chete ane rudo, anotapira, uye anonzwira. SezvaMaiva kareko, ndizvo zvaMuri nhasi. Uye Ishe, sababa vaye, tose tinochemba, “Ishe, batsirai iMi pakusatenda kwedu.” Zviri nyore saizvo; tinogumburwa napamusoro pazvo, Baba.

⁶ Tinoda kuKupai kutenda nokurumbidza nokubata mwana muduku uya manheru apfuura, kuona kuti dehenya riya, rakanga rakazvimba, kureva kuti, bvupa rakafutunuka kunze, rakadzikira nehafu yeinchi manheru apfuura. Tinotenda nokuda

kwazvo, Baba. Apa tichiziva kuti vanachiremba vedu havana chavainacho kubva patsvagurudzo yazvo, hapana chavanogona kuita pamusoro pazvo; asi iMi muchiri Mwari, Changamire wemamirire ezvinhu ose. TinoKutendai, Baba. TinoKutendai nokuda kwekutendeka, nekutapira, nokuteerera kwamai ava kuti vadzoka netambo uye vakainamira pachidimbu chebepa ichi, pano, kuratidza kuruzhinji chapupu chavo kuti zviye kubwinya kuna Mwari. Dai mudiki wavo akararama uye akava mwana akakwana, kuitira mbiri yeNyu.

⁷ Tarisai maoko ose ayo asimudzwa mudenga, Baba. Rumwe norumwe rwawo rune chikumbiro. Rwangu rwakasimukawo, zvakare, Baba, ndine chikumbiro. Uye pane zvakawanda pano, zviru setsamba kana kuti mubhokisi iri, vane zvikumbiro, vanhu vane zvikumbiro chaizvo. Ngazviitike, Ishe, kuti mumwe nomumwe agamuchire chikumbiro chake manheru ano. Dai vakatora chapupu chamai ava uye ungori somuenzaniso wokuti kana iMi mukataura chero chinhu, zvinenge zvatopera. Icho. . . iMi. . . Chatinofanira kuita bedzi kuzvigamuchira nokuita zvarehwa. Ibasa rakatopera.

⁸ Itai, Ishe, kuti imwe neimwe yetsamba idzi nemahengechepfu aya, vanhu vacho iwo paachaiswa, dai vakapora. Mumwe nemumwe asimudza maoko ake, Baba, dai vakagamuchira zvishuwo zvemoyo yavo. Tinozvikumbira, nemuZita raJesu. Amen. Mungagara henyu pasi.

⁹ Ndanga ndichida kungokuratidzai tambo yacho pano, iyo mudzimai uya (Mazvionaka. Um-hum. . .) kuti musoro wemuचेचे mudiki uyu wakaserera sezvatakavimbiswa naIshe kuburikidza neMweya Mutsvene manheru apfuura. HaAshamisi here? Saka, zvinotipa kushinga kukuru kuti tive nokutenda uye titende.

¹⁰ Zvino, Jesu paakati kumuti uya, muna Marko 11:23, “Ngapashaiwe munhu anodya kubva pauri kubva zvino,” Anogona kunge asina kunge akadanidzira. Handiti, kureva pachena, Akazviita akazorora, kusvikira vadzidzi vaKe vakango. . . Ndinofunga kuti mumwe wavo akaMunzwa. Uye izvo. . . Paya uya aiva netsviyo, paakauya pamberi paTenzi Jesu, mukomana akagwinha zvakaomarara kudarika zvaati amboita; pamwe, akadonhera pasi seakanga afa, asi akacherechedza kuti akanga asangana neUyo Akanga aine kutenda kwakanga kwakakwirira zvakanyanya kupfuura vaapostora.

¹¹ Zvino, ndinoda kuti uyo anga asingatendi mukupodza kwaMwari acherechedze izvi. Jesu akanga avapa simba rekudzinga mweya, uye vakanga vakundikana. Harisi simba rakanga rakundikana, asi ndivo vakanga vakundikana. Jesu akavaudza:

“Sei takundikana kuudzinga?”

Iye akati, “Nokuda kokusatenda kwenyu.”

¹² Chechi ichine simba. Mwari haasati ambotora simba raKe kubva muhechi, asi chechi haina kutenda kwakakwana kwekurishandisa. Ndizvozvo chete. Zvingori nyore saizvozvo. Tinoedza kuita kuti zvine zvakaoma kwazvo dzimwe nguva, asi paunowedzera kuita kuti Vhangeri rive nyore, ndiko kuwedzera kwemazvirokwazvo kwaunowana, kana iwe ukangova zviri nyore naro: Mwari vakataura kudaro; ndipo pazvinoperera; uye ndizvo zvoga. Uye chingozvitenda, woenderera mberi.

¹³ Apo Jesu paakati, “Ngapashaye munhu anodya kubva paUri,” handiti, mashizha akanga akangona uye akajeka sezvaakagara achingova. Gwati raingoratidzika zvimwe chete, asi pasi-pasi pevhu mumidzi iyoyo, upenyu hwakatanga kupera.

¹⁴ Ndizvo zvazviriwo pakenza, pane chirwere chipi nechipi hacho icho-icho chaungada kufunga. Kana ukagona kugamuchira Shoko raMwari, pasi-pasi pakadzika mumidzi, kenza inogona kuvapo; ruoko rwako rwunogona kunge rwakangoomarara. Izvozvo hazvinei nechekuita nokupodza kwaMwari. Ndezvokuti, “Kana ukagona kutenda.” Maona? Pakadzika-dzika pane imwe nzvimbo, zvave kutoshanda.

¹⁵ Jesu akati, “Kana ukati kugomo iri, ‘Suduruka,’ uye ukasapokana mumoyo mako, asi wotenda kuti izvo zvawataura zvinoitika, unokwanisa kuwana zvawataura.” Hazvina kuisvonaka here izvi? Zvinobva kuna ani izvozvo? Mwanakomana waMwari, Uyo maShoko ake...Matenga nenyika zvichapfuura, asi zvino...asi maShoko aKe haangapfuuri.

¹⁶ Zvino, nzira chete yaunogona kuita izvozvo, unofanira kuva nevavariro yakanaka nechinangwa chakanaka. Zvino, toti ndabuda kunze uko ndoti, “Ndichakuratidzai kuti ndinogona kufambisa gomo iri, ‘Gomo, ibvapo.’” Harizombobvi. Kwete zvirokwazvo. Zvisinei kuti ndanga ndinei. Zvinotofanira kuva...Chokutanga unofanira kutsvaga kuda kwaMwari.

¹⁷ Ndicho chikonzero, kazhinji mumitsetse yokunamatirwa, ndi—ndinowana zvakaomesesa, imhaka yokuti ndeimwe ineenge yambopinda nemumitsetse nezvakadaro, zvino ndiyo yaunozoonza yadzokazve. Asi munooona, kana uine chivi chisina kureururwa...Makambocherechedza here pamurwere, ndisati ndaraira mweya wakaipa kuti ubve? Ndinocherechedza nyaya yacho ndonyatsova nekugutsikana chaiko kuti hapana chirimo muupenyu ihwohwo chingagona kudzivisa chero chipi zvacho, maona, nokuti rangarirai, pazvipo izvi, unogona kupinda mudambudziko nazvo.

¹⁸ Mwari, munorangarira imwe nguva, vakapa muprofiti... ndokuita munhu ave muprofiti, Mosei, ndokubva vamuudza kuti aende zasi, anotaura nedombo. Zvino muprofiti uyu akava nemanjukunyuku, ndokuendako, ndokurova dombo,

zvichitaura pamusoro pohutera hwaKristu, kuti Waizofanira kufa kechipiri kana kuti kurohwa kechipiri. Aiva nesimba rokuzviita, asi kwakanga kusiri iko kuda kwaMwari.

¹⁹ Handina kugona kumbotenda kuti kwaiva kuda kwaMwari kuti Eria aende, nokuda kokuti vana vaya vakanga vachimusveeredza pamusoro pokuva nemhanza, handifungi kuti waifanira kuita zvaakadaro. Asi waiva muprofiti, uye wakanga agumbutswa, ndokubva aisa chituko pavana vana ndokubva mapere maviri auraya vana vaduku makumi mana nevaviri vasina mhosva. Maona? Asi handitendi kuti waifanira kunge akaita izvozvo. Uye zvakango—zvakango . . . isu . . .

²⁰ Mwari, ndinotenda nhasi, Vasati vaisa chechi yaVo pachinzvimbo chesimba, Vanoedza chechi yaVo kuti vaone kuti zvii zvaichaita.

²¹ Isu . . . nguva inotevera, pamwe, kana Ishe achida pandinodzoka, tichazowana nguva yokugara pane zvakafanana naizvozvo, pane zvimwe zvinhu zvava kuda kuitika, zvino ndipo patichazoziva zvakawanda pamusoro pazvo zvino.

²² Asi kana ukangotaura shoko bedzi, woti, “Ishe, ndinozvitenda,” ukasapokana, uchirevesa mumoyo mako . . .

²³ Zvino, tomboti somuenzaniso, ndiri mumupata, uye handisiri . . . Ndiri kuparidzira mamiriyoni avanhu, asi kuseri kwegomo uko, pane boka revanhu zana, uye vari kufa vasingazivi Kristu. Zvakanaka, ndine miriyoni pano vokuti ndiparidzire, asi zvakadaro, chimwe Chinhu mumoyo mangu chiri kundiudza, “Yambukira uko uende kuvanhu avo. Svika kwavari. Vari kuparara.” Ini handidi kuenda pachangu, asika zvisinei pane chimwe Chinhu chiri mandiri. Munoono, ndiMwari ipapo, ari kufamba. Onai kuti vavariro ndeyei, onai kuti chinangwa chokuendako ndechei, kwete zvezvangu . . . Zvino, kana ndikati, “Zvakanaka . . .” Kana vavariro yangu yakanaka yokuendako, asi zvino ndaenda kumusoro kuno uku zvino ndowana paine gomo guru, ini ndoti, “Munoziva, kana ndikakwira seri kwegomo iro uye ndoponesa vanhu vose avo zana, rimwe zuva vachava nechiumbwa ipapo: Hama Branham, mumishinari mukuru.” Zvino, chinangwa changu hachina kunaka. Gomo iroro harimbowiri pasi. Kwete, changamire.

²⁴ Asi kana chinangwa changu nevavariro zvakakanaka, uye Mwari vari mumoyo mangu vachinditungamirira, uye ini ndotadza kukwira nepamusoro pegomo, kupoterera gomo, kuenda nepasi pegomo, ndinobva ndati, “Gomo, ibvapo.” Dzimwe nguva iro . . . Kana ndataura kudaro, uye ndichingozvitaure chete ndiine mweya wakadaro wakanaka, ndichitungamirirwa neMweya Mutsvene, ndiri mukuda kwaMwari, panogona kunge pasati pava nekachipunu kamwe kadiki kegomo iroro kati kadonhera pasi, asi zvava munzira yazvo. Zuva rinotevera panogona kuva namapaunzi maviri

anodonha. Zuva rinotevera panenge pava nechikamu chimwe kubva muzvina chetani. Uye pamwe panopera mwedzi, matani mashanu anodonha. Toti chii nezvazvo? Dzimwe nguva tinogona kusazviona nazvino, asi riri kufamba, munzira yaro. Ndinoramba ndiri ipapo chaipo ndichitarisa chinhu ichi chichiitwa, nokuti Mwari vakataura kudaro uye ndipo pazvinoperera.

²⁵ Ungafunga here izvozvo pamusoro paamai vako uko manheru ano? Zvakanaka, kana ukazvifunga, vanopora. Zvakanaka. Ndokunge kana iwe ukangozvitenda bedzi: ingotaura shoko bedzi wogara naro. Maona? Ingozvitenda; batirira pariri. Ndiho Hupenyu Husingaperi.

²⁶ Zvino, mangwana masikati... Ndaudza Billy, manheru, ngaasapa makadhi okunamatirwa, uye ndaida kutaura. Ndiri kupupura, muchokwadi, ndanga ndichienda kubvira muna Ndira, mhiri kwemakungwa, nokudzoka, muPhoenix, kumba chaiko, nokudzoka, uye zvose zvachose (Kunzvera kuya) kusvikira ndapera simba zvakanyanya ndisisanyatsoziva pandakamira dzimwe nguva. Zvatopotsa zvandiita kunge ndapera basa.

²⁷ Uyezve, ndinofanira kuenda, uye ivo... imi—imi hama makandikoka kuti ndimbogara kuno kwemamweze mazuva. Haiwa ndinozvikoshesa izvozvo. Ndinonyatsofunga kuti rino iboka revashumiri vanoshamisa vari pano. Ndinoshuva kuti dai taigona kuwana imweze nguva shoma yekuyanana. Kana Ishe vachida, ndichadzokazve pane imwe nguva. Hapana zvimwe, asi kungobva kune imwe chechi nokuenda kune imwe nokutenderera nomuguta ndichikushanyirai imi mose. Ndingafara kuita izvozvo: chiri chipi zvacho chandingaita kubatsira Humambo hwaMwari, ndokunge, kana imi mungada kuti ndiite izvozvo. Uye kudzoka pane imwe nguva zvino mobatana nesu tova nemusangano wakanaka, wakanaka pane imwe nzvimbo.

²⁸ Uye rangarirai, hama, ndichange ndichikunamatirai. Ndicho chinhu chimwe chechokwadi. Uye ndinoda kuti imi mose mundinamatire, imi mose.

²⁹ Uye zvino ndi—ndiri... Mangwana mangwanani kune masevhisi mumachechi ose aya akasiyana-siyana akanaka ari muguta.

³⁰ Zvino, mamwe amapoka anobva kuJeffersonville ari pano. Dzimwe dzeshamwari dzangu, mumwe wavabati vehomwe vomucheche mangu, ari pano, Hama Fred Sothmann. Handina kumbokwanisa kuvaona mumusangano. Uye hama... O, dzimwe dzeshamwari dzangu zhinji dzinobva uko kumusoro kuJeffersonville, wangu... sekiritari wangu uyo ne—nevamwe vose vari pano, pane imwe nzvimbo mumusangano. Handisati ndati ndavaona.

³¹ Uye hama, pane chechi dzakanaka dzirimo muguta rino. Uye vamwe vose imi vashanyi, tsvakai imwe yadzo mugoenda kumachechi aya mangwana. Anokuitirai zvakanaka, ndine chokwadi. Ihama dzinotenda mumhando yeshumiro yakadai. Ndicho chikonzero vari pano vakagara papuratifomu nezasi mune dzimwe nzvimbo muno, nokuti vanotenda mairi. Uye ndinokoshesa varume ava.

³² Ishe, ropafadzai boka iri reFull Gospel Businessmen pano avo—avo vakatsigira nemari musangano uno. Pane... Ndinotenda kuti ndizvo, vakatsigira musangano uno nemari. Ndi—ndinoenda vazhinji vevanovatsigira vavo, nokuti mukati imomo... Hatifaniri kunge takaita sevizvi, asi nguva dzakawanda, hama dzinotendera misiyano miduku-duku: sokuti mumwe munhu anotenda kamwe *kanhu* kaduku; mumwe, kamwe *kanhu* kaduku; zvinoita sokukonzera kakupesana kadiki nemaronda ekare-kare; panguva ino anofanira kunge apora, asi iwo—iwo... Uye kana imi, kana, ndikabata veFull Gospel Businessmen, zvino izvozvvo zvinogona kuita kakubatsira kuzvibatanidza, uye touya pamwe chete, uye tova nokunyatsoyanana kwemazvirokwazvo pamwe chete, chaidzo nguva dzakaisvonaka kwazvo. Uye tinozvikoshesa izvozvvo. Mwari varopafadze boka iroro. Ndinotenda kuti Ishe vakarimutsira chimwe chinangwa.

³³ Zvino... uyezve ndakava nomukana mukuru wokuona nzvimbo yeHama Oral Roberts rimwe zuva. Uye ini zvangu, inzvimbo huru kwazvo, chinhu chakanaka zvikuru. I—irangaridzo yePentekosti.

³⁴ Zvino ndakazoenda kweHama Tommy Osborn, imwezve nzvimbo inoshamisa, munhu waMwari anoshamisa, uyo... Hama Tommy neni tine ukama hwepedyo, neHama Oral, zvakare, tingori hama dzine ukama hwepedyo, uye tinodanana, uye tiri kuedza nepatinogona napo pose kushanda zvose zvatnogona kuti zvinakire vanhu vari muUmambo hwaMwari.

³⁵ Saka ndinonyatsokoshesa varume ivavo kuva kwavo muguta rino pakati pevamwe vose ava varume vakanaka vamunavo. Imi makwai mune vafudzi vanoshamisa. Ndinongodaro, ndinozvitaure saizvozvvo. Dai Ishe vakaramba vainemi mose ndiwo munamato wangu. Uye zvino mangwana masikati, ini... Sevhisu inotanga nguvai, hama? Two-thirty. Ngatitii one—one kana kuti one-thirty munofanira kunge mava muno kuitira kuti zvisazovhiringidzana nemamwe masevhisi ose.

³⁶ Zvino, kana vakomana vanga vasati vatokuudzai kare, manheru ano vane mamwe mabhuku, mifananidzo nezvimwe zvakadaro, namatepi, namarekodzi, uye... zvemisangano, uye vanozvitengesa. Asi hativatenderi kuzvitengesa musi weSabata, mangwana. Hapana mabhuku kana chii zvacho chichatengeswa

mangwana. Saka hatidaro... hatina kumbozvitendera izvozvo. Kunyange vazhinji vakati, “Muri kukanganisa chaizvo...”

³⁷ Uye mutana Baba Bosworth vaiwanzondiudza, “O, Hama Branham, munokanganisa ipapo,” asi ndiwo manzwiwo andinoita (Maona?), uye andi—ndinonzwa. Kana uchida rimwe, vanokupa iroro, asi kana iwe... Asi hatikwanisi kutengesa musi we—weSabata. Kwete. Ndizvo zvacho. Kana ndichitenda izvozvo, ndinofanira kuzvirarama, kungoti... Ndinofanira kuzviraramira. Muri kuona? Uye ndi—ndinofanira kurarama nematendero angu uyezve... Kana kuti unokwanisa kutumira kumba, uye, kumba uko, kunzvimbo kumusoro uko wonoriwana.

³⁸ Zvino manheru ano, o, tose ngatingokanganwai izvozvo, o, kuti pane basa ripi zvaro rinoda kuitwa, kana chimwewo chinhu, kana kushingaira kwezuya. Ngatingoisei zvose parutivi, uye totarisa muShoko kwamaminiti mashoma, uye toona izvo Mwari vanozotaura nesu kuburikidza neShoko raVo. Uye regai ndinamate kuti Mwari vangotipa ropafadzo guru kwazvo manheru ano.

³⁹ Gene, unokwanisa kunditapirawo musikana uyo here? Unokwanisa kunditapirawo musikana mudiki uyo here? Haasi chinhu chiduku chine runako here? Ungada here kuenda neni kumba unotamba naSarah wangu muduku, akareba zvakada *kudai*? O, ungada? Ndi—ndinoda kuti udaro. Akangoda kuenzana newe, uye musikana muduku waBaba. Um-hum. Hum. Uye ndine chokwadi chokuti uno—unoda Baba vakowo zvakare, hauvadi here? Amai? O, hongu unovada. Kasikana kaduku kakanakisa, kandakagara pano, ndakatarisa. Maziso maduku anoita semaburi maviri akapiswa pagumbeze uye—uye nevhudzi duku rebhurauni.

⁴⁰ Ndinongoda vana vaduku. Ndine vasikana vaduku vaviri kumba. Mumwe wavo ndiRebekah nemumwe wacho ndiSarah.

⁴¹ Pano imwe nguva yapfuura, ndakanga ndisipo. Vose vari vaviri vasikana vaduku vaBaba, munoziva, uye ndinovada. Zvino pandinongopinda ndinofanira kuvabereka kumusana, uye... Becky oga ndiye ava mukuru zvokusakodzera; akura sezvandiri zvino. Angandityora musana zvino; ari... asi achingori musikana muduku waBaba, zvakadaro. Uye zvino, zvingaita rimwezve gore, tinoda kumuendesa kuchikoro cheBhaibheri kune imwe nzvimbo uye kure nechikoro cheruzhinji.

⁴² Zvino ipapo, vakanga vakamirira Baba, munoziva, kuti vauye kumba. Ndainge ndamboenda kunze kumusangano. Uye mangwana manheru vanenge vakandimirira kusvika pakati pousiku kuti ndiyedze kusvika. Uye zvino, ndakasvika mangwanani-ngwanani, kuma three kana four o'clock. Zvino amai vakauya kumusowo kuzondiita kuti ndipinde, uye

ndakanga ndakaneta ndakaparara, ini... Pano papuratifomu, ini... kana apo... wakazodzwa unonzwa zvakanaka, asi kana zvangokusiya, ndipo paunopinda padambudziko. Vangani vaizviziva? Handiti, hongu ndizvozvo.

⁴³ Tarirai. Eria wakaenda pamusoro pegomo akadana moto kubva kudenga, akadana mvura inonaya kubva kudenga, zvino apo Mweya pawakamusiya, akambeya-mbeya murenje mazuva makumi mana uye Mwari vakamuwana, ari mubako pane imwe nzvimbo.

⁴⁴ Jona, akaenda zasi uye ndokugara ari mupenyu mudumbu rehove huru kwamazuva matatu neusiku utatu, ndokusvipirwa kumahombekombe uye akatenderera achiparidza. Guta rose rakatendeuka rikauya kuna Mwari. Uye apo chizoro pachakamusiya, akaenda pamusoro pechikomo akakumbira Mwari kuti vatore upenyu hwake. Maona?

⁴⁵ Ndakamira parutivi rweguva raWilliam Cowper, kwete kare zvakanyanya, uyo akanyora rumbo rwune mukurumbira rwuya rwatinoshandisa patinenge tine shumiro yechirairo:

Riripo Tsime Rizere neRopa,
Rakatorwa kubva mutsinga dzaEmanueri,
Umo vatadzi vakasvetukira pasi
pemaflashamo...

⁴⁶ Makambonzwa here izvo iye... zvakaatika kwaari? Mushure mokunge kumufemera kwamusiya kubva ipapo, akaedza kutsvaga rwizi rwokuti azviuraye.

⁴⁷ Ndinogara mhiri kubva paKentucky Home Yakare. Uye Stephen Foster akapa America nziyo zhinji dzine mukurumbira dzemusambo wefolk. Uye paainyora, aiwana kufemera, kufemera ikoko, onyora rumbo, zvino paaibuda makuri, aienda onodhakwa. Pokupedzisira, akadaidza muranda ndokubva atora reza ndokuzviuraya.

⁴⁸ Vanhu havazivi kuti vanhu avo vanorarama vari muchiero chemweya vanopfuura nemuchinhanho chakadini. Zvino *pano*, unonzwa sokunge unogona kufambisa gomo. Asi ingorega chizoro chingobva pauri, wotanga kuenda nepamusuo uyo (kana pasina mumwe munhu aripo kukubata, maona) uye ipapo, zvimwe kwamaawa mashoma, haugone, unoshaya kuziva kuti uri kupi. Uye zvino usiku huchitevedzana, izvozvo ndizvo zvinonyanya kukupedza.

⁴⁹ Uye mudiki... Ndinoda kukuudzai pamusoro pamudiki Sarah naRebekah. Saka mangwanani aitevera, ndakatadza kuvata, uye ndakanga ndamuka, ndakagara muchigaro, zvino mushure mechinguva Becky, anova ndiye mukuru, akanga—aiva nemakumbo akareba kupfuura Sarah, zvino saka Becky akauya achimhanya... akamuka, akasvetuka kubva pamubhedha, asingamutsi munin'ina wake muduku, uye hoyo omhanya achiuya nemumba, achimhanya nesimba rake rose. Aiti, “Baba,

Baba . . .” Ndakatandavadza kunze rimwe ramakumbo angu, zvino akasvetukira ipapo, akanyatsogadzikana zvakanaka. Sezvakada kuita che—chechi yechimanjemanje, munoziva, yagara mumutambo wacho kwenguva yakareba, munoziva, kwemazana emakore akati kuti. Aigona kunyatsogadzikana zvakanaka kwazvo, uye akandimbundira namaoko ake ndokubva ati, “O, Baba vangu, Baba vangu . . .”

⁵⁰ Zvino Sarah muduku akanga, muzhowezhowe, amuka. Zvakanaka, handizivi kuti vana venyu vanozviita here, kana kuti kwete; vangu vanozviita: Muduku wacho anowana mbatya dzemukumurirwa. Zvino Sarah akanga akapfeka nhumbi dzekurarisira dzaBecky, tsoka dzacho dzakati rebesei sezvivi, munoziva. Uye heunoi akauya, kamuchinda kaduku kapfupi, achidonha, achigumburwa. Zvino akasvika ipapo, ati nonokei. Zvino Becky akacheuka, akati, “Sarah, munin’ina wangu, ndinoda kukuudza chimwe chinhu.” Akati, “Ndini ndatanga kuva pano. Nokudaro ndini ndine zvole. Saka ndini ndatora Baba vose uye hapana vasarira iwewe.”

⁵¹ Ndiyo nzira iyo vamwe vanhu yavanofunga nayo pamusoro pechinamato, handizvo here? Uh-huh. Ndizvozvo chaizvo.

⁵² Zvino Sarah muduku anonzwise urombo, akadonhedza muromo wake muduku, maziso ake maduku matema akanditarisa, ndokutanga kuchema. Uye Becky akanga akaisa dama rake pane rangu, akandimbundira. Ndinomuda. Uye Sarah akatanga kufamba achienda nokuti Becky akanga atora Baba vose. Ndakakandira rimwe ibvi rangu kunze *sezvivi* ndokubva ndaninira kwaari *saizvozvo*. O, akachangamuka nokukurumidza akamhanya, ndokusvetukira paibvi rangu zvokuti . . . Akanga asati avapo kwenguva refu uye makumbo ake akange asingatombosviki pasi. Akanga ave kugabha-gabha (pamwe, sezvandi, kakungogabha-gabha, munoziva), uye haana . . . aisasvikira pasi. Akanga asiri sangano guru, munoziva, uye saka akanga asingakwanisi kusvikira pasi pakaoma. Akanga asati avapo kwenguva yakareba zvakanaka.

⁵³ Uye saka, akanga achiita sokugabha-gabha, zvino ndakakandira maoko maviri paari *sezvivi* uye ndokumbundira pedyo neni, iye ndokubva apenyesa tumaziso twake tuduku tutema, ndokutarisa kuna Rebekah. Akati, “Rebekah, mukoma wangu,” a—akati, “chinogona kuva chokwadi kuti una Baba vose, asi ndinoda kuti uzive chinhu chimwe chete: Baba vaneni wese.” Saka . . .

⁵⁴ Ndizvo . . . Kungoti iYe bedzi aneni wese. Ndinogona kusava nedzidzo yokuitsanangura zvinhu zvikuru, asi chero bedzi ndichingoziva kuti Aneni wese, mukugabha-gabha kwangu, ingoregai maoko aKe maviri akambundira, zvinobva zvangoita kuti ndinzwe zvakanaka.

55 Zvakanaka, ngatiise kamwe kashoko kaduku kemunamato kwaAri tisati tavhura Shoko.

56 Zvino, Baba voKudenga, tinocherechedza kuti takaita sevanawo zvakare. Uye—uye Munoda kunge muinesu, uye nokunamata nesu. Uye tichiKunamatai, uye Munotida, nokutibata mumaoko eNyu, uye motitumira Mweya Mutsvene weNyu, uye wotiita kuti tizive kuti Munorarama uye Muri Baba vedu, tinoKutendai zvakananyanya. Zvino, itai kuti Mweya Mutsvene uuye kwatiri manheru ano. Idai hana yega-yega, Ishe. Tipei ropafadzo idzva. Dururai madonhwe edova renyasha pamusoro pedu, Baba. Musatarisa pazvivi zvedu. Zvakawandisa. Ishe, ingozviregererai. Zvibvisei, Baba, uye ingotitorai mumaoko eNyu, uye—uye nokupodza hurwere hwedu, uye—uye nokuchenesa munhu wedu womukati, nokusunungura mweya yedu, Ishe, kuti tigokunamatai pamwe nokuKurumbidzai, toita sevana vaduku tichimhanya-mhanya tichitenderera muimba yose, tichingoziva kuti Baba vakatatarisa. Zviitei, Ishe.

57 Zvino, hakuna munhu anokwanisa ku—kududzira Shoko. Tinozvicherechedza izvozvo. Johane akaona Bhuku riri muruoko rworudyi rwoUyo akange agere pachigaro choushe, uye pakanga pasina munhu kudenga, kana munyika, kana nepasi penyika akanga akakodzera kutora Bhuku kuti arizarure, kana kusunungura zvisimbiso. Uye pakauyapo Gwayana, rakanga rakabaiwa kubvira kumavambo enyika. Uye Akanga akakodzera. Uye Akatora Bhuku, akasunungura zvisimbiso, uye akazarura Bhuku. O Gwayana, huyai madekwani ano. Zarurai Bhuku kwatiri, Baba, patakamirira paMuri, nokuti tinozvikumbira nemuZita raJesu, Gwayana raMwari. Amenii.

58 Ndasarudza, husiku huno, kandima kadiki keGwaro pano kane mazwi matatu. Asi kutanga ndinoda kuverenga ndima imwe chete kana mbiri kubva muna Mutsvene Johane, chitsauko 11 kutanga pandima 23.

Jesu akati kwaari, Hanzvadzi yako ichamukazve.

Marita akati kwaari, ndinoziva... achamukazve pakumuka kwavakafa nezuva rekupedzisira.

Jesu akati kwaari, Ndini kumuka, ne... upenyu: anotenda kwandiri, kunyangwe akafa, uchararama:

Mumwe nomumwe uri mupenyu unotenda kwandiri haangatofi zvirokwazvo. Unozvitenda here izvi?

Iye akati kwaari, Hongu, Ishe: ndinotenda kuti ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari, uyo wainzi anouya panyika.

59 Uye somusoro wenyaya ndinoda kushandisa mashoko aya matatu: *Unozvitenda Here Izvi?*

60 Ndakaverenga imwe nyaya munguva yapfuura. Ndinofunga kuti yakanga ichingovawo rungano. Uye vazhinji vose

vashumiri, ndinofungidzira, vakamboverenga bhuku raChiremba Ingraham re—re *Muchinda WeImba YaDhavhidha*. Ibhuku rakanaka zvikuru. Iro, ndinofunga, zvamazvirokwazvo kuti harichadhindwi. Ndingada kuti ridhindwe, kuti ndiriise kuvanhu.

⁶¹ Uye imomo, ndaiverenga kachinyorwa kaduku pamusoro paRazaro uyu, nepamusoro paJesu, naMaria, naMarita, avo, hanzvadzi dzaRazaro. Uye ndaiverenga imomo kuti ndiko kwaigara Jesu, ndinotenda, naMarita naMaria. Vose vari vaviri vakanga vari vasikana vechiHeberu vakanga vakanaka. Uye Razaro akanga achidzidzira kana kudzidziswa kuva munyori kutemberi, achinyorera vapisita tsamba dzemurairo.

⁶² Uye Jesu akava nekuyanana kukuru, kunyanya naRazaro. Patinoverenga mubhuku kuti apo paAkauya kumba kwavo, uye Marita akanga akaneta-neta pamusoro pokuteerera kumashoko aKe, asi aifanira kugadzira kudya kwamasikati nokugadzira tafura, asi Maria akagara patsoka dzaKe. Uye Jesu akati Maria akanga asarudza zvinhu zviru nane.

⁶³ Uye ipapo, takaudzwa kuti Razaro ndiye akaunza Jesu kuna Johane, murungano rwamabhuku aChiremba Ingraham, uye . . . pa *Muchinda WeImba YaDhavhidha*. Zvisinei, chaigona kusava chokwadi, handizivi, asi kuti tingoisa nheyo yacho, asi iYe aifanirwa kunge aigara navo.

⁶⁴ Zvino, tanga tichidzidza iyi inotevera, vhiki yapfuura, waro, kuti Jesu akati muna Mutsvene Johane 5:19, “Ini . . . Mwanakomana haana chaanoita Ari oga, asi zvaAnoona Baba vachiita: ndizvo zvinoitawo Mwanakomana. Baba vanoshanda uye Mwanakomana anoshandawo saizvozvo.” Maona? “ZvaAnoona Baba vachiita.”

⁶⁵ Saka kurwuita kuti rwuve rungano rwechokwadi, Baba, Mwari, vanofanirwa kunge vakataura neMwanakomana waVo, Jesu, uye vakati, “Shamwari yaKo, Razaro, achafa, asi zvichashanda mukunaka, saka Iwe chibva pamusha apa. Enda kure, nokuti Uchakumbirwa kuti umunamatire, kana, kumuporesa, uye—uye Ini handidi kuti Uite izvozvo.” Kana mukacherechedza nyaya iyi tichienderera mberi, munooni kuti inoubika kusvika pachokwadi chacho. Saka, Jesu, pasina kana yambiro kana chimwe chinhu, akabva pamba apa akaenda kune imwe nzvimbo, haana kudzoka manheru iwayo. Uye Akaenda kune mamwe maguta. Uye pakarepo Jesu abva pamba apa, zvino dambudziko rakabva rapinda.

⁶⁶ Uye kana Jesu abva pamusha pako, dambudziko rava munzira yaro richiuya. Ingorangarira, paAnongosiya musha wako, dambudziko rava munzira kuuya. Kana mukaita masosaiti nezvakadaro zvichiendeka muchechi yenyu zvakaisvonaka, semotokari huru kwazvo yeRickenbacker ine masirinda gumi nematanhatu, uye mosiya Jesu kunze

kwayo, kana Jesu abuda muchechi yenyu, dambudziko rava munzira kuuya. Hongu, changamire, kana Jesu akasiya sangano, ravanoMuisa parutivi voti, “Zvakanaka, zvino hatingotendi kuti zvinhu izvi ndizvo chaizvo,” zvino motora zvimwewo zvinhu, dambudziko rava munzira yaro richiuya. Ingozvirangarirai izvozvo.

⁶⁷ Zvinondirangaridza imwe nyaya pamusoro paIshe Jesu, inowanika muBhuku raRuka. Munoziva paAkanga achingori mukomana wemakore anenge gumi namaviri, vanhu vaKe vakaenda naYe, setsika yavaiva nayo gore rega-rega, uko kumutambo wePentekosti. Zvino pavaiva muguta reJerusarema pamutambo uye vachiva nenguva yakanaka, tinwana muBhaibheri, kuti vakafamba mazuva matatu vasinaYe. Uye kuti vaifunga kuti pamwe, vakangozvitoranje, kuti Jesu aifanirwa kunge ari pakati pedzimwe hama dzavo. Zvino, hatigoni kudaro. Pavakazouya pakati pehama dzavo vachitsvaga, Akanga asipo.

⁶⁸ Uye hatingazvitoranje, nokuda bedzi kokuti tiri maMethodisti, Baptisti, Presbyteriani, Pentekosti, uye kwatakabva uye madzitateguru edu aiva vatendi vakuru, tinongozvitora, zvakanaka, kuzvitoranje, Jesu anesu. Hatigoni kudaro. Tinofanira kuva takabatana naYe mazuva ose neminiti yoga-yoga. O, ndinozvida izvi.

⁶⁹ Ndinoda zviri Mwari iye zvino. Zvaiva navabereki vangu, zvaiva namadzitateguru angu, zvakanakisa, asi (Zvavaiva nazvo zvakanaka.) Ndinofunga kuti tapfuurira mberi pazviri.

⁷⁰ Ngatione zvaAri nhasi. Handidi kutarisa kumashure ndoona zvakaitswa naVaMoody, nokuti tava mberi pazviri kupfuura VaMoody. Dambudziko nemachechi edu tinotarisa kumashure toti, “Zvakanaka, ngatione kuti VaJohn Wesley vakati chii, kuti vamwe vavo vakati chii.” Ndicho chikonzero sainzi yabudirira zvakananyanya mune zvavari kuita, kupfuura chinamoto pane zvacho.

⁷¹ Pano makore mazana matatu apfuura, mazvikokota wezvesainzi wechiFrench akaratidza kuti ukamhanya zvinotyisa zviri mamaira makumi matatu nemashanu paawa, simba rekudhonzera pasi renyika rinokusimudza kubva panyika. Unofunga kuti sainzi ingaramba ichitaura pamusoro pazvo nhasi here? Vari kutomhanya mamaira mazana gumi nemapfumbamwe paawa vachitongoenderera mberi. Vari kutoenda mberi, vakatarisa mberi. Asi isu tinoda kutarisa kumashure toona kuti Moody akati kudini; Sankey akatii; Finney akatii; Knox, Calvin; nevamwe avo. Zvavakataura zvakanga zvakanaka. Zvaiva zvezera ravo, asi isu tiri kuenderera mberi.

⁷² Sekuru vangu vakakwira ngoro yemombe. Ini ndiri kutyaira Ford V8. Mwanakomana wangu achabhururutsa ndege yerudzi

rwejet. Ndizvo, tiri kufambira mberi. Ndizvo zvinofanira kunge zvakaita chinamoto. Kuuya kwaShe kwaswederera. Chechi inofanirwa kunge ichifamba ichipinda mumasimba ayo. Sainzi inogona kungokwira yosvika pane chimwe chiyero uyezve inofanira kubva yadonha, asi tine zvinhu zvakakosha zvisati zvashandiswa, zvisati zvatombobatwa, zvesimba, risingagumi, raMwari, ratinofanirwa kunge tichifamba tichipinda mariri. Tiri kurarama mamaira miriyoni pasi pemukana wedu husiku huno, mikana yemaKristu yokuti vafadzwe nayo. Ndinonzwa kuzvinyarira pandinotarisa kunze uko ndichiona nzvimbo dzinopa rubatisiro, nehurwere, pamwe nematambudziko ari kuitika izvozvi. Chechi yedu inofanira kunge ichifamba mumugwagwa, ichipodza vanorwara, ichimutsa vakafa, ichidzinga madhimoni, ichiita zviratidzo nezvishamiso, ichiita kuti pasi rose rizive kuti Jesu Kristu anorarama. Ndizvo zvatinofanira kunge tichiita.

⁷³ Handiti, iwe unoti, “VaMoody havana...” VaMoody vakanga vasiri kurarama muzuva rino. Ndizvozvo. Tiri kurarama paKuuya kwaShe. Uye takangozvitoranje kuti Aiva pakati pehama dzedu. Asi rimwe zuva apo mupikisi akapikisa VaGraham, takazoona kuti Akanga asiri pakati pehama dzedu.

⁷⁴ VanozoMuwana kupi? Ndekupi—ndekupi kwavakawana Jesu? Chaipo pavakaMusiya. VakaMusiya kupi? Pamabiko ePentekosti. Tinosiya Jesu kupi, ko ndekupi chechi? Pamabiko ePentekosti. Kana tikabva pasimba rekare riya rePentekosti nemabiko ePentekosti, tinofamba tichibva pana Jesu. Ndizvozvo chaizvo, shamwari. Tiri kugara pasi pemikana yedu. Hongu, changamire.

⁷⁵ VakaMusiya pamabiko ePentekosti, uye ndiyo nzvimbo yoga apo maMethodisti, Baptisti, Presbyteriani, nemaPentekosti vanogona kuMuwana, kutodzokera pamakaMusiya ari. Ko mufaro waShe uripi? Ko simba raShe riripi? Chechi inobvunza nhasi, “Chii—chii chakaitika kuna Mwari wenhorondo?” Akamirira kuti vanhu vaKe vaMudane panzvimbo yechiitiko. Asi izvo . . .

⁷⁶ Hatigoni kuzviita kubudikidza nemasangano. Hatigoni kuzviita tiri pasi pezvekushandisa njere. Hatigoni kuzviita tiri pasi pemasvomhu, kana kuti hatigoni kuzviita nedzidzo. Tinozvipatsanura pachedu, tozvikamuranisa pachedu. Hatina kupatsanurwa-patsanurwa. Tiri munhu mumwe chete zvamazvirokwazvo muna Kristu Jesu. Tose tiri vamwe muna Kristu, uye masangano edu haazombofi akagona kuzviita. Nokutonaka kwaakaita, haagoni kuzviita. Dzidzo yedu ndicho chidzivo chikurusa chati chambowanikwa neVhangeri, idzidzo.

⁷⁷ Chatinoda haisi dzidzo. Tinoda simba uye nokuratidzwa kweMweya Mutsvene kudzoke muchechi kuzoratidza simba.

Jesu haana kumboti, “Endai pasi rose uye—uye mudzidzise.” Haana kumboti, “Endai pasi rose uye muite . . .” Akati, “Endai pasi rose muparidze Evhangeri.” Uye Vhangeri ndiko kuratidza simba roMweya Mutsvene, rumuko. Tichiri shure mamaira miriyoni kure nepatinofanira kunge tava. Ngatifambirei mberi. Ngatidzokerei shure kwatakaMusiya pamabiko ePentekosti.

⁷⁸ Jesu akati, muna Johane, ndinotenda, chitsauko 15, Akati, “Ndini Muzambiringa; imi muri matavi.” Zvakanaka zvino, kana Muzambiringa uyo wakabukira davi rokutanga, uye kubva mudavi iroro kukanyorwa Bhuku reMabasa, davi rechipiri rinoita rimwe Bhuku raMabasa. Davi rechitatu rinoita rimwe Bhuku raMabasa. Uye davi rega-rega rinobuda kubva paMuzambiringa uyu rinenge rakafanana nezvakanga zvakaita davi rokutanga.

⁷⁹ Zvino, unokwanisa kupfekedzera, tinozviziva izvozvo. Ndakaona muti wemhando yomuorenji uine mhando sere dzomuchero pauri. Ndakaona muti womuorenji uchibereka mabhuratifuru, nemaremani, nezvimwe zvose pauri, asi zvakaita zvokupinzwa imomo.

⁸⁰ Ndiro dambudziko riripo nhasi. Takapinza imomo pfungwa dzedu, tikapinza imomo masangano edu, asi kana muti uyu ukazombobukirazve mumwe muzambiringa une chibereko, pachawo, unenge wakafanana nemimwe yepakutanga yakapinda mairi. Hareruya! O, chechi ichabatana pamwe chete, asi tinoda simba rechapakutanga. Tinoda Mweya Mutsvene, simba rokumuka kubva kuvakafa raJesu Kristu. Ndizvo zvaAkatiudza kuti tiite.

⁸¹ “Ini ndini Muzambiringa, imi muri matavi.” Kana muzambiringa ukaburitsa bukira, uye rikabuda nemazambiringa akanaka ebhuruu, davi rinotevera rauchabukira richabereka mazambiringa ebhuruu akanaka pariri. Kana Muzambiringa wokutanga wakabuda, uye vakawa pasi pekurova kweMweya Mutsvene, uye vakaita mashura makuru, nezviratidzo, uye vakasimbisa chapupu chavo kunyika . . . Kunyange vazhinji vavo nechapupu chavo, ivo, neropa ravo, vakasimbisa chapupu chavo. Vakapinda nomunjodzi dzemhando yose nezvose kuti vauze Vhangeri. Vakatabura; vakarohwa; vakarangwa. “Isu tinofanira here kutakurwa kuenda kumusha kuDenga, tiri pamutambarakede, apo vamwe vakarwa kuti vawaine mubairo, uye ndokufamba nengarava nomumakungwa eropa?” Tinotarisa kuita chiiko? “Ndinofanira kurwa kana ndichafanira kutonga. Wedzerai kushinga kwangu, Ishe.” Zvechokwadi. Tinoda . . .

⁸² Hatidi sangano idzva. Hatidi chivakwa chitsva chechechi. Chatinoda nhasi rumutsiro rwePentekosti rwenguva dzakare rwakakwasharara, rwakajeka sedenga, rwunouraya chivi, rwakazvarwa paPentekosti uye rwadzoka zvakare muchechi,

simba roMweya Mutsvene zvakare, kuunza Jesu kuti ave panzvimbo yechiitiko.

⁸³ Mwari wenhorondo nguva dzose unosvika pachiitiko panguva yazvakanyanyokosha. Tinozvida izvozvo. Ndiri dambudziko ratinaro rechechi yedu nhasi. Tiri kuenda shure zvanyanyisa. Tiri kuwira mumafashoni enyika. Uye zvisvishoma nezvisvishoma, gore negore, inotanga kufa zvisvishoma yobva yasvava.

⁸⁴ Ichava nguva yokukwanhura matavi zvino uno. Mwari vachaikwanhura zvechokwadi sokumira kwandakaita mupurupiti ino. Mwari vachaikwanhura kuitira kuti ibereke chibereko. Vachakwanhura mabasa enyika kubva mairi rimwe ramazva ano. Zvinonyadzisa zvakadini, mafambire anga achiita chechi iri pasi pezita rechinamoto.

⁸⁵ Uye tinoona, apo Jesu paakabva achienda, rufu rwakapinda. Kana Jesu akasiya chechi yedu, simba reMweya Mutsvene rinosiya chechi yedu, inotanga kudzikira uye—uye inofa. Uye mushure mechinguva panenge pasisina chiripo pairi. Zvino, Jesu paakabva, rufu rwakapinda. O, yakava nguva inosuwisa zvakadini.

⁸⁶ Uye cherechedzai, vakatenderera tenderera, vakatumira kuti Jesu auye, asi haAna kuuya. Vakatumirazve kuti Auye, asi haAna kuuya, asi Aiziva zvainge Achazoita. Anoziva manheru ano, zvaAchazoita. NaYe hapana chinorasika: Anoziva chaizvo izvo zvaAri kuda kuzoita. Achamutsa vanhu, zvechokwadi sokumira kwandakaita mupurupiti ino. Achamutsa vanhu kuitira Zita raKe kubva muchizvarwa chevaHedheni. Achaziita.

⁸⁷ Inguva yemaJudha yasvika zvino, uye yevaHedheni yave kusvika kumagumo, nokuti vakangoenderera vachibuda. Vari kuramba Kristu; vari kuramba zviratidzo zvavo; vari kuramba chose chinonzi chohumwari, vochipa zita rokuti kuverenga pfungwa dzavanhu kana kuti simba radhiyabhorosi uye voita... Vari kumhura Mweya Mutsvene vachizvisimbisira kunze kure naMwari. Uye Mwari vachatora vashoma ivavo, mushure mechinguva, ovasimudzira kuva Chechi ine simba, zvino wotendeutsira Mweya kumaJudha, nekutora Chechi yevaHedheni kumusha. Ndizvozvo chaizvo. Iri kugadzirwa zvino. O, kuti, tatove panguva yekuguma, potse-potse.

⁸⁸ Jesu, Aiziva. Uye mushure mechinguva Akati, “Shamwari yedu Razaro avete.”

⁸⁹ Saka, vadzidzi vakafunga kuti akanga ari kutora kazororo kaduku. Iye akati, “Saka, kana akavata, ari kuita zvakanaka chaizvo.”

⁹⁰ Zvakanaka, Akati maKe... mashoko avo, kuitira kuti vanzwisise, ndokuti, “Afa, uye nokuda kwenyu Ndinofara nokuti Ndanga ndisipo.” Maona? “Nokuda kwenyu, Ndinofara nokuti Ndanga ndisipo.” Nokuti vaidai vaiMukumbira ku—

kupodza—kumupodza, asi Aizviziva kuti Aisakwanisa kuzviita, nokuti chiratidzo chaive chisati...mushure memazuva aya mana Aiziva kuti ndiyo yakanga iri nguva yaAkanga audzwa naBaba. Zvakana sei; Akati paguva, “Baba, NdinoKutendai, iMi matonzwa kare, asi Ndinongozviturea nokuda kweava vakamira pano.” Maona? Aitoziva kare zvaAkanga ari kuzoita. Akati, “Ndichaenda kunomumutsa.”

⁹¹ Zvino, ndinogona kufungidzira kuti musha muduku uyu wakanga wanyatsoparara. Airiritira akanga aenda, kusuwa. O, zvinoshamisa kana uine musha une kusuwa kana moyo wakasuruvara, zvino ipapo Jesu obva angoonekwa kamwekamwe, handizvo here? Ndinogona kufungidzira ndichiona Marita, mudzimai muduku ane runako aine chifukidzo chitema pachiso chake, naMaria muduku, uye ivo vakabatana, vachiti, “Tichaita sei? Baba naAmai vakaenda, zvino hanzvadzi yedu yakakosha... Zvino, takasiya chechi, uye takadzingwa kubva kwairi, uye takauya kuzotevera Jesu weNazareta. Zvino Akaenda kure akatisiya, pane imwe nzvimbo.”

⁹² Ndinonzwa mutsoropodzi achiuya ipapo oti, “Imi, aripi Mupodzi waMwari uya, Muporofita uya weGarirea? Ko Ari kupi zvino? Munooni, kana yasvika nguva yokuti Aite chimwe chinhu, Anobva aenda.” Hezvoka izvo. Munooni, Mwari vanonyatsoda kuzviita izvi, kungoitira kuti vanhu, kungori, kungoita kuti vanhu varatidze zvavari, hongu, kungovaedza kuti vaone zvavari chaizvo. Iye anovapa ropafadzo. Anoonekwa, oZviratidza, oZvizivisa kuvanhu, kuti angoona kuti madaviroiroi avanozoita, kungoona kuti vanoitei pamusoro pazvo.

⁹³ Zvino, tinoona ipapo, mushure memazuva ma—mashoma, mazuva mana, Razaru anonzwisa tsitsi uyu akanga afa. Vakamuviga. Zuva rechipiri, zuva rechitatu, zuva rechina... Zvino, munhu wese anozviziva kuti kuora kunopinda mushure memazuva matatu: mhino inowira muchiso, kutanga. Uye ipapo kuora kunopinda; makonye emuganda anotanga kudya mutumbi. Vakamuradzika muvhu, vakaisa dombo guru pamusoro pebako ravakanga vamuisa. Zvino pano neapo, vasikana vechidiki vaiendako vonopfugama paguva vachichema.

⁹⁴ Zvino mushure mechinguva, nhau dzakasvika, “Jesu auya. TaMuona achifamba muguta.” O, Marita uyu muduku, akanga ainge, sokuratidzika kwazvaiita, aiita sokunge akazvinetera, akaratidza ipapo zvaakanga ari chaizvo. Hoyo ouya. Ari kuuya nenzira yake zvino, achimhanya achitsvaga. Ndinogona kunzwa vamwe vavo vari munzira vachiti, “Zvakana, ndinofunga kuti wagutsikana zvino, kuti chinamoto chako ndechenhema.” Akangovafuratira ndokuramba achienda, achipfuura nepavatsoropodzi vose ava. Akaenda achidzika kusvika aMuona, pamwe akagara pakona yemugwagwa.

⁹⁵ Zvino, zvairatidzika sokunge, aifanira . . . aigona kunge aiva nekodzero yekuMutsiura uye—uye nokutaura zvakaipa kwaAri. Handiti, haana kumhanya ikoko oti, “Tarirai kuno, tarirai kuno, iMi. Munofanira kunge muri muPorofita, Munhu waMwari. Sei Musina kuuya patakaKudanai? Handiti, tava chiseko cheguta zvino. Takabuda muchechi yedu kuti tiKuteverei.” Zvairatidzika sekunge aive nekodzero. Asi munoziva, sezvandakaparidza pamusoro pazvo, *Gwayana NeNjiva*, kana tiri gwayana, gwayana rinorasikirwa nekodzero dzese dzarinadzo. Ndizvozvo chaizvo. Harina chimwe chinhu kunze kwemakushe, saka rinofanira kurasikirwa nawo. Uye unorasikirwa nekodzero dzese dzaunadzo kuti ushumire Mwari. Ndizvozvo chaizvo.

⁹⁶ Ndanga ndichitsiura madzimai pamusoro pemapfekero avanoita mbatya duku dzakare idzi, munoziva, uye vakati, “Zvakanaka, tiri—tiri zvizvarwa zvemuAmerica. Tinogona kuita zvatinoda.”

⁹⁷ Ndikati, “Ndizvozvo chaizvo, asi kana uri gwayana, unorasikirwa nekodzero dzako.” Kusvuta midzanga nekuenderera mberi saizvozvo, ndicho chinhu chakaipisisa chati chamboitwa nemudzimai. Ndizvozvo chaizvo.

⁹⁸ Mumwe mudzimai akati kwandiri, kwete kare hako, achitaura neni, akati, “Asi, Hama Branham, havagadziri imwe mhando yembatya.”

⁹⁹ Ini ndikati, “Asi vachiri kugadzira michina yokusonesa mbatya uye vanotengesa machira. Hapana chikonzero chokudaro zvachose.” Ndizvozvo chaizvo.

¹⁰⁰ Rangarirai, rimwe zuva, unogona kunge wakachena pano kumurume wako, asi uchapindurira upombwe nokuda kwazvo, chaizvo zvezvirokwazvo: “Ani naani anotarisa mudzimai akamuchiva, atoita upombwe naye kare mumoyo make.”

¹⁰¹ Dambudziko nderei nemadzimai echiPentekosti nhasi, ndizvo zvandinoshamisika nazvo. Kuti makabva sei pamutsara wakarurama wakare. Apo vana amai venyu vaiva nevhudzi refu, uye nhasi madzimai echiPentekosti vanozvipenda seboka reMardi Gras, uye vogera vhudzi ravo, nokupfeka hanzu duku pfupi dzakare saizvozvo, sezvakangoita maitiro mamwe ose . . . mobuda kunze kunocheka uswa pachivanze masakati, paya varume vanenge vachiuya nepo, unocherechedza here, mudzimai, kuti uchafanira kuzopindurira kuita upombwe nevarume ivavo? Unozviratidza kwavari nechikonzero ichocho. Mweya wetsvina uri pachechi nepavanhu, uye havavizivi. Mapofu uye havavizivi. Ichokwadi.

¹⁰² Pamwe unogona kuti handina kodzero yekutaura kudaro semuvhangeri. Zvakanaka, ndi—ndinofanira kutevera kutungamira kweMweya Mutsvene; ndizvo zvoga zvandinogona kutaura. Iwe . . . Kana ndikasangana newe pakutongwa, ipapo handizovi neropa rako pamaoko angu. Enda kure nenzvimbo

yose inoratidza kuti ndiSatani. Garira kure nayo. Ibva pairi. Handinei nekuti inyanzvi dzemuterevhizheni ngani . . .Iwe hausi pano, nyanzvi yemuterevhizheni; uri mwanasikana waMwari.

¹⁰³ Ndakaparidza muchechi yemumwe mufundisi mamwe mangwanani, pamusoro peimwe nhapwa yakare, nguva yavaitengesa nhapwa kare-kare. Uye vaiuyako vodzitenga paokisheni. Uye vanhu vacho vainge, vari kuungudza, kuchema, nokuda kwekumusha kwavo; vaisazodzokera zvakare. Uye vaitofanira kuvarova. Zvino vaivatenga sokutenga kwaungaita motokari, nechero wese-wese, mitengo yacho, uye vachitengesa vanhu.

¹⁰⁴ Uye rimwe zuva, mutengi akauya nepo, mutengi, mune imwe huru nhey-. . .munda mukuru, waro. Uye akati, “Une nhapwa ngani dzauinadzo dziri kutengeswa?”

¹⁰⁵ Akati, “Zvakanaka, ndine vamwe vokuchinjana navo.” Vaiedza kutora vahombe. Vatora vanaamai, vanababa. . . Kana mudzimai waainge akarooro aive mudzimai ndonda, vaitora varume vahombe ava vane hutano zvino voberekesa madzimai. . .semabhiza nemhuka. Hazvina kumbenge zvakanaka zvachose. Mwari vakagadzira munhu. Munhu akagadzira nhapwa. Hazvina kunaka kubvira pakutanga, kwete zvachose. Mwari havana kumboda kuti mumwe munhu ave nhapwa. Kwete, changamire. Uye kwete. . .Tarisai zvakazoitika.

¹⁰⁶ Zvino pakati pazvose izvi, muchinda uyu akati, “Zvakanaka, ndinoda kutenga vamwe vavo. . .” Akacherechedza mumwe muchinda wechidiki ipapo. Vaisamurova. Chirebvu chake chaiva mudenga, musoro mudenga, sejinda chairi, achifamba-famba. Zvino mutengi uyu akati, “Ndinoda kumutenga.”

¹⁰⁷ Iye akati, “Asi haasi kutengeswa.”

¹⁰⁸ Akati, “Saka, sei?” Akati, “Ndiye mukuru wavose here?”

¹⁰⁹ Iye akati, “Kwete, iye inhapwa.”

¹¹⁰ “Zvakanaka,” akati, “sei? Munomupa kudya kuri nane kupfuura vamwe vose here?”

¹¹¹ Iye akati, “Kwete. Anodya kunze uko nevamwe vose. Iye inhapwa.”

¹¹² Akati, “Chii chinoita kuti ange akasiyana zvakanyanya nevamwe vese?”

¹¹³ Zvino mukuru akati, “Pachangu ndaishamisika nazvo kwenguva refu, asi rimwe zuva ndakazozviziva. Mhiri uko kumusha, baba vake ndivo mambo werudzi. Uye kunyangwe ari mutorwa ari kure nekumusha, achiri kuziva kuti iye mwana wamambo uye anozvibata saizvozvo.” Kana izvozvo. . . Kana uyo chizvarwa chokuAfrica aikwanisa kucherechedza kuti baba vake ndimambo, uye kuno uku mutorwa ari munyika yeutorwa achikwanisa kuramba achiziva kuti mhiri

kwegungwa iye mwanakomana wamambo, ko mazvibatire akadii anofanira kuita varume nemadzimai kana muri vanakomana nevanasikana vaMwari? Zvibatei saizvozvo. Zvirokwazvo. Zvibatei; zvichenesei mozvibata sevanakomana nevanasikana vaMwari. Ndosaka, chinhanho chakadai.

114 Hezvinoini tiri pano. O, Marita muduku, akauya achimhanya. Aitaridzika sokunge aiva ne—nenzira yokunge aizotaura chimwe chinhu chaipikisana naYe. “Ko sei Musina kuuya kuhanzvadzi yangu? Tarisai zvatakaKuitirai, ndokubva iMi matiregerera.” Zvakana, dai akanga ataura izvozvo, nyaya yacho hayaizopera nemaperero ayakaita. Kwete, changamire. Inzira yaunosvika pachipo cheDenga chaMwari. Kana Mwari vakatumira chipo, unofanira kusvika kwachiri zvakana. Kana uchitarisira kuwana chimwe chinhu kubva kwachiri, unofanira kusvika kwachiri zvakana. Uye Marita aizviziva izvozvo. Anogona kunge akanga averenga pamusoro pemudzimai weShunemi nemwana wake. Uye iye. . . Kana mudzimai weShunemi uya akaziva kuti Mwari vaiva muna Eria, waifanira kudarika zvakanadi kunge Ari muna Jesu? Chokwadi.

115 Saka, akaenda ikoko nenzira yakanaka. Akamhanya akanowira patsoka dzaKe. Ndinozvida izvozvo! Akawira patsoka dzaKe akati, “Ishe. . .” Ndiri dunhurirwa raKe chairo. Ndzivo zvaAiva. Aiva Ishe wake. “Ishe, dai manga Muri pano, hanzvadzi yangu hayaifa.”

116 O, ini zvangu! O, ndinogona kungofungidzira kuona moyo waKe mukuru paAkatarisa mudzimai akaisvonaka pachiso uyu, misodzi ichierera pamatama ake. Ndokuti, “Ishe, dai Maive pano, hanzvadzi yangu hayaifa.” Cherechedzai zvaakataura. “Asi kunyange iye zvino, Ishe, kunyange akafa, kunyange makonye emuganda achipfakanyika mumutumbi wake, kunyange iye zvino, Ishe, chero chipi chaMunokumbira kuna Mwari, Mwari vanoKupai.”

117 O, ndicho chakavanzika. Unokwanisa kuti, “Ndakatsvaka nemuzvipatara zvose. Chiremba vanoti ndave kufa, asi kunyange iye zvino, Ishe. . . Ndakaremadzwa nechirwere chearthritis; handikwanisi kufamba, asi kunyange iye zvino, Ishe. . .”

118 Mwana muduku uya akanga aine musorobhangu waive wakakura *kudai* nezuro manheru. Hapana chaungagona kuita. Waizoramba uchikura zvozopotitsa musoro wako muduku zvino obva ofa, “Asi kunyange iye zvino, Ishe. . .” Achiri Mwari mumwe chete. Achiri Ishe mumwe chete. “Kunyange iye zvino, Ishe. . .” Uye Akagara kuruoko rwerudyi rwaMwari Samasimba, achitireverera pamusoro pezvinhu izvo zvatinopupura kuti aKatiitira.

119 Zvino, ndinonzwa manyukunyuku ekunamata. Chokwadi ndinoanzwa. Muchanditi muumburuki mutsvene zvakadaro, saka munokwanisa kutotanga kudaro, mozvipedza zvakadaro.

120 Saka, hongu, changamire, “Kunyange iye zvino, Ishe, chipi nechipi chaMunokumbira Mwari, Mwari vanozviita.”

121 “Kumbira Baba chipi nechipi muZita raNgu, Ndichachiita,” Jesu akadaro.

122 “Kunyange iye zvino, Ishe, chipi nechipi chaMunokumbira, Mwari vachaKupai.” O, zvinofanira kunge zvakatendeutsa moyo waKe mukuru.

123 Akati, “Hanzvadzi yako ichararama zvakare.”

124 Iye akati, “Hongu, Ishe. Achararama. Aive mukomana akanaka. Achamuka parumuko rwevose pazuva rekupedzisira.” Iwo maJudha vaitenda murumuko rwavose. “Achamuka murumuko rwemazuva ekupedzisira.”

125 Mutarisei. Akazvisimbisa muviri waKe muduku. Akati, “Ndini Kumuka noUpenyu.” O, ini zvangu. Hapana kumbova nomunhu akakwanisa kutaura izvi kumashure. Hapasi kuzova nemumwe mushure mazvo, anokwanisa kuzviture. Ndiye Oga anokwanisa kuzviture. “Ndini Kumuka noUpenyu,” ndizvo zvinotaura Ishe. “Uyo anotenda maNdiri, kunyange anga akafa, asi uchararama. Uye ani naani anorarama uye achitenda maNdiri haazombofi. Unozvitenda here izvi?”

126 Iye akati, “Hongu, Ishe.” O, akaziva kuti pane chimwe chinhu changa chava kutoda kuitika. Zvinofanira kudaro.

127 Kana kutenda kunobva pamwoyo wakatendeseka kukasangana naMwari, magiya anobva angobatana pamwe chete *saizvozvi*. Chimwe chinhu chinotofanira kuitika. Ndinodenda ungoro ino manheru ano, nemuZita raJesu Kristu, regedzai kutenda kwenyu kukochekerane naMwari zvakadaro, mumaminitsi mashomanana tinobva tatova neimwe Pentekosti. Panobva paputika rumutsiro muguta rino, zvokuti hapangagoni kuva nemapurisa akakwana munyika ino kuti avadzikamise. Ndizvozvo chaizvo. Panobva pava nerumutsiro rwamazvirokwasvo. “Kunyange iye zvino, Ishe. . .”

128 “Zvakanaka, Ishe, takabatikana *nezvizvi*; taita *zvokuti*, uye taita *zvakati*.” Handina basa nezvamakaita, “Kunyange iye zvino, Ishe. . .” Akamirira kuti iwe uMudane. Iye. . . “Unozvitenda here izvi?” Chokwadi. Hongu, changamire. “Kunyange iye zvino, chipi nechipi chaunoMukumbira. . .”

129 “Makamuradzika kupi?” Zvino, Anodzika kuguva. Akanga ari munhu wakakwana zvokutochema; Aiva Mwari wakakwana zvokumutsa vakafa.

130 Pano nguva yapfuura, mumwe mudzimai waiva werimwe boka revanhu. . . Handimboiiti tsika yokuita zviru maererano namasangano. Asi mudzimai uyu. . . Havatendi kuti Jesu waiva Mwari. Vaiti Aingovawo muporofita. Zvino, Aiva. . . Kana Aingovawo muporofita bedzi, tose tiri muchivi. Aiva Mwari, kwete chimwe chisiri Mwari, kana kuti munyengeri mukurusa

ati ambouya panyika. Ndizvozvo. Waipfuura munhu. Mudzimai akati, “Akanga asiri Mwari.”

131 Pane zvakawanda zvakadaro muvhangeri ranhasi rokungofadzana; kuedza kuita Jesu Kristu muporofita. Nemhaka yei, Aiva Mwari wevaporofita. Zvirokwasvo ndizvo zvaAiva.

132 Zvino mudzimai akati, “Ndichakuratidza neBhaibheri rako, ‘Aingovawo munhu.’”

133 Ini ndikati, “Iwe zviite.”

134 Uye mudzimai akati, “PaAkaenda kuguva raRazaro, Bhaibheri rakati, ‘Akachema.’ Aifanira kunge ari munhu wenyama anofa kana kuti haAigona kuchema.”

135 Ini ndikati, “Mudzimai, ndiro Gwaro rako here iroro?” Handisi kuda kumhura pano mukutaura izvi, asi regai ndikuudzei zvandakamuudza.

136 Iye akati, “Ndiroro.”

137 Ini ndikati, “Chirevo ichocho chine hutera hunodarika muto wakabikwa nemumvuri wehuku yakafa nokuda kwekunyimwa chokudya.” Ndikati, “Zvakanaka, iwe—iwe hauna kana chinhu chimwe chokumira pachiri.”

138 Iye akati, “Handiti, Akachema. Izvozvo zvakaridza kuti Aiva munhu anofa.”

139 Ini ndikati, “Aiva zvose munhu anofa neasingafi. Aiva Mwari munyama.”

140 Iye akati, “O, hazvina maturo!”

141 Ini ndikati, “Akaenda kuguva achichema. Ichokwadi chakakwana ichocho, asi paAkanyatsozvitwasanudza muviri waKe muduku. . .” Bhaibheri rakati, “Hapana paari chainyanyokwezva kuti Atariswe; pakanga pasina runako rwokuti tingaMuda.” Asi paAkadzosea mapipito ake maduku kumashure ndokuti, “Razaro, muka,” zvino murume wanga afa kwamazuva mana uye aora muguva, akamuka. Uyu akanga apfuurira munhu. Ndiratidze munhu angangona kuzviita. Chaiva chii? Kuora kwakaziva Tenzi wako. Upenyu hukaziva Musiki wahwo. Chimwe chinhu chaitofanira kuitika. Akataura uye murume akanga afa uye agara muguva mazuva mana, akamukazve, akamira netsoka dzake, akararama. Hareruya! Aiva Mwari muMwanakomana waKe. Hongu, changamire. NdiMwari vakanga vachiZvizivisa nomaAri, Mwanakomana. Vakanga vari Mwari vaitaura, kwete munhu.

142 Aiva munhu paAkatarisa-tarisa pamuti uya zuva riya achitsvaka chimwe chinhu chokudya. Aiva munhu. Asi paAkatora mabhisikiti mashanu nehove mbiri akapa zviuru zvisihanu chokudya, apa akanga apfuura munhu. Akanga ari

Mwari achivapa kudya ipapo. Akanga achipfuura muporofita, kupfuura munhu, Akanga ari Mwari-Munhu. Zvokwadi.

¹⁴³ Akarara kumashure kweigwa riya duku usiku huya, apo makungwa aidzvova nokukwira nokudzika sechivhoro chebhoto kunze uko mugungwa guru riya, apo zviuru gumi zvamadhimoni emugungwa zvakapika kuti zvaizoMunyudza usiku ihwohwo. Aiva munhu, asina simba uye akaneta kubva pakunamatira vanorwara, akarara kumashure ikoko; uye mhengo haina kana kumboMukanganisa. Aiva munhu paAkanga akavata, asi paAkamuka, akaisa tsoka yaKe pamupendero weigwa, ndokutarisa mudenga, ndokuti, “Rugare, nyarara,” zvino mhengo nemasaisai zvakaMuteerera, akanga apfuura munhu. Akanga ari Mwari mumunhu, Achizvizivisa. Ndizvozvo chaizvo.

¹⁴⁴ Akanga ari munhu pamuchinjikwa paAkachemera tsitsi. PaAkadanidzira achiti, “Ndine nyota,” apa aiva munhu. PaAkafa, Akanga ari munhu, asi mangwanani eEsta paAkamura zvisimbiso zverufu, gehena, neguva, uye akamakazve, Akanga achipfuura munhu: Aiva Mwari achiratidzwa. Ndiko kusaka mudetembi akati:

Kurarama, Akandida; kufa, Akandiponesa;
 Kuvigwa, Akatakurira zvivi zvangu kure-kure;
 Kumuka, Akaruramisa pachena
 nokusingaperi:
 Rimwe zuva Ari kuuya—O, zuva rinobwinya!

¹⁴⁵ Iye akati, “Nokuti Ndinorarama, nemi munoraramawo. Munozvitenda here izvi?” Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Munozvitenda here izvi? Ndinotenda kuti Mweya Mutsvene wava pano zvino. Munozvitenda here izvi? Ndinotenda kuti Achatizadza noHupo hwaKe. Munozvitenda here izvi? Ndinotenda kuti Mweya Mutsvene anoda kudurura Hupo hwaKe, kupodza vanorwara vose, kuita kuti vanhu vose vasina Mweya Mutsvene vazadzwe. Munozvitenda here izvi? Munotenda here nomoyo wenyu wose? Ngatisimukei netsoka dzedu tiMupe rumbidzo. Ndinotenda kuti Achawira iye zvino uno pamusoro pedu.

¹⁴⁶ O Ishe Mwari, Musiki wematenga nenyika, Muvambi woUpenyu Husingaperi, Mupi wechipo chose chakanaka, isu “Tinozvitenda izvi,” Ishe. Tinotenda kuti ndiMi pano muri mumusangano. Tinotenda kuti ndiMi muri kuropafadza mweya yedu. Tinotenda kuti ndiMi muri kudurura Mweya weNyu pamusoro pedu. Tinotenda kuti ndiMi mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Tinotenda kuti Muri mupenyu nokusingaperi uye mazita edu akanyorwa muBhuku roUpenyu reGwayana. Matenga ose nenyika zvichapfuura, asi isu ticharama nokusingaperi, nokuti Munorarama nokusingaperi. Ishe,

Makavimbisa izvi kwatiri. Tinozvitenda nomoyo wedu wose. Zvose zviri matiri, tinozvitenda, Ishe. NdinoMuda, ndinoMuda.

¹⁴⁷ MunoMutenda here? Ndinotenda kuti ndiwo Mweya Mutsvene. Pane chimwe Chinhu chiri kuwira pamusoro pedu. Munozvitenda here izvi? Ndinotenda kuti Ari kuda kupodza munhu wose iko zvino. Munozvitenda here izvi? Simudzirai maoko enyu kwaAri. Simukai netsoka dzenyu. Munozvitenda here izvi? Mweya Mutsvene uri pano. Izvi ndizvo Zviya! Petro akati, “Izvi ndizvo Zviya.” Izvi ndizvo Zvacho, Mweya Mutsvene.

¹⁴⁸ O Ishe, Musiki wematenga nenyika, tumai simba reNyu, nemaropafadzo eNyu, uye nekunaka kweNyu pamusoro pavanhu ava, uye muropafadze moyo yavo, uye nokuvaita kuti vaone kuti Mwanakomana womunhu mupenyu nokusingaperi. Zviitei, O Ishe. Tinovapa kwaMuri, nomuZita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari.

¹⁴⁹ Upi zvake asina Mweya Mutsvene, simudza maoko ako urumbidze Mwari. Ndinotenda Achawira pamusoro pako. Mumwe munhu isa maoko ako pamusoro pavo. Ino ndiyo nguva yacho. Ko tinomirirei imwe nguvazve? Ino ndiyo nguva yacho. Ino ndiyo nguva yePentekosti, kudzokazve kuna Mwari. Zvigadzirise naMwari, Pentekosti! Regerai moyo yenyu idenhwe nesimba raMwari mupenyu. Regai Mweya waKe uuye upinde mamuri, uchizadza mweya yenyu. Ari pano usiku huchiteverana nohumwe usiku, pano kupodza vanorwara, kupa kuona kumapofu, kubudikidza nehukuru nesimba ravo guru raVanoratidza pachaVo kuva mumwe chete nekusingaperi. Hareruya!

¹⁵⁰ Murumbidzei. Simudzai maoko enyu. Kanganwai kuti muri pai; ingozivai kuti muri paAri, pamwe nokunaka kwaKe, nokubwinya kwaKe, nesimba raKe, uye tsitsi dzaKe dzinogara nokusingaperi. Ari zvimwe chete nekusingaperi. Ngarirumbidzwe Zita raShe. Hareruya! O, rumbidzai Zita raKe Dzvene.

¹⁵¹ O, Anoshamisa, Ane simba rakadini. Vangani vanoda kupira upenyu hwavo kuna Mwari iko zvino uno, patsva? Simudza ruoko rwako. Vangani vanoda kupira upenyu hwavo kuna Mwari? Ndizvozvo chaizvo. Simudzai maoko enyu. Ngationei Pentekosti. Ngationei vanhu vaMwari. Ndichasimudza ruoko rwangu. “Ishe, ndiri pano. Nditumei.” Torai Mutumwa zvino ane mazimbe epaartari uye tumai simba reNyu pamusoro pedu, Ishe. Mwari, tipei muhuzaro weMweya weNyu, O Baba. Inzwai munamoto wedu, O Ishe. Inzwai munamoto wedu, sevana vanotenda vakamira. Kurumbidzwa ngakuve kuZita raKe.

¹⁵² O, samasaisai okubwinya achidonha, o, madonhwe edova retsitsi. O, Mwari ngaarumbidzwe. Dai mweya yedu ikamirira. Munozvitenda here izvi? Munozvitenda here

izvi? Uyu ndiwo Mweya Mutsvene unouya. Iri ndiro simba riya risingaonekwi rinotiendesa muHumambo hwaMwari, maropafadzo ePentekosti. Dzokai kumusha. Makatarisirwa kudzoka kumusha. Muri vanhu vanokosha. Mwari vanoda kuti muzvipire. Madzimai, zvichenesei. Varume, zvichenesei. Ngatitangei kudzokera kuna Mwari uye nokushumira Mwari nomoyo wakanyatsochena.

¹⁵³ Mwari ngaArumbidzwe, Mweya Mutsvene wava mumusangano. Chingoita izvo zvaunonzwa kutungamirirwa kuita. Chingotendera Mweya Mutsvene kuti ufambe pauri. Hapachina chandichagona kutaura. Handizivi kuti ndingachati chinyi zvino. Mweya Mutsvene wazara kwese-kwese muimba ino. Zita raShe ngaRikudzwe. Ishe ngaVarumbidzwe. O, hareruya! Hareruya! Ishe ngaVarumbidzwe. Rumbidzai Ishe. Zvinoshamisa zvakadini, zvinobwinya sei...Zvakanaka sei, inoshamisa sei rumbidzo yavatsvene vaMwari pazviso zvenyu, pamusoro peHupo hwaMweya Mutsvene pano uri kufamba uye nokutiratidza kubwinya kwaKe kuri kubva muboka guru iri riri muhumwe, richirumbidza Zita raKe.

¹⁵⁴ Nyatsotendeuka ukwazisane nemumwe munhu, uti, “Ishe ngaVarumbidzwe, hama. Ishe ngaVarumbidzwe, hanzvadzi.” Ngatinyatsopindai uye torega Mwari vatibvongodze. Ishe ngaVarumbidzwe. Ndizvozvo chaizvo. Imi mose maMethodisti, nemaBaptisti, nemaPresbyteriani, maPentekosti, nemaSeventh Day Adventisti, nechero zvauri, kwazisanai maoko mumwe nomumwe muHupo hwaIshe Mwari. Ndizvozvo chaizvo. O, hareruya! Hareruya! Hareruya! O, ndinofara kwazvo kuti ndiri mumwe wavo. Ndinofara kwazvo. O, tichipwanyira pasi madziro, tichikandira tsvina kunze. Kubwinya! Rusununguko munaShe, tichirumbidza Zita raKe dzvene...Zita raShe ngarikudzwe. O, hareruya! Mwari ngavarumbidzwe.

¹⁵⁵ O, ndinongoda kuona zvakadaro: vanhu vachikwazisana maoko uye vachijekesa zviso zvavo. Simba raMwari roti, “Ndizvozvo chaizvo. Ndizvozvo chaizvo, tiri vana vaMwari. Tose tiri chechi huru imwe chete, munhu mumwe chete mukuru muna Kristu Jesu, Mwenga waKe, Uyo anobwinya.” Kuuya kwaShe kuri kuswederwa. Vanhu vake vachiuya pamwe chete uye vachidanana...norudo uye nesimba roHupo hwaKe. O, izvi zvinoita seDenga. O, izvi zvakanaka. Amen. O, zvinobwinya sei, zvinoshamisa zvakadini: kungonamata Ishe muMweya nemusimba. Nguva yakadai. (Ndiko kwanga kuri kumisa; tinotanga.)

¹⁵⁶ Hakungorina...Ndakaudza hama, “Hama, hapana nzvimbo yokumira.” Hapana nzvimbo pano iyo...Hatina kumbotanga, saka hatimiri. Zvinongo—zvinongoshamisa... Vangani vanonzwa zvakaisvonaka? Hungori Hupo hwaIshe, o, ini zvangu, zvinoshamisa, Hupo hwaShe pano.

157 Zvino, Hupo hwaShe huri pano kupodza varwere, kuita vanhu kuti vaite zvakanaka. IngoMutendai. Munozvitenenda here? Kana tikangoMutenda, zvinhu zvose zvinogoneka. Munozvitenda here izvozvo? Munotenda here kuti uhwu Hupo hwaShe?

158 Zvino, apo imi...Ndipeiwo kanguva kaduku, kanguva kaduku zvino, uye teerera kwekanguva kaduku. Regai ndikuratidzei kuti Mweya Mutsvene uri pano. Regai ndikuratidzei kuti Mweya Mutsvene, iYe wacho chaiye unotaura, iYe wacho unoita chinhu, anozviziva. Vangani vari pano zvino, vauya muno vachirwara? Ngatione maoko enyu. Avo vanga vaine urwere...Pane vanhu... .

159 Pane murume akamira apo. Munotenda here, changamire? Hapana makadhi okunamatirwa apihwa, asi munotenda here kuti Mwari vanogona kukupodzai? Munotenda here kuti Vanogona kundiudza dambudziko renyu? Riri parutivi penyu. Muri kuzoenda kunovhiyiwa. Ndizvozvo chaizvo. Zita renyu ndi VaCartwright. Ndizvozvo chaizvo. Ndizvo here? Ninirai ruoko rwenyu. Zvakanaka. Endai kumba munopora, hamuchazodi kuvhiyiwa. Munozvitenda here?

160 Murume uyo akabata mucheche mumaoko ake, munotenda here kuti ndiri muranda waMwari? Munotenda here kuti uyu Mweya Mutsvene? Handikuzivei, ndizvo here? Handisati ndambokuonai muupenyu hwangu; tiri vanhu vasingazivani. Munotenda here kuti Mweya Mutsvene unokwanisa kundiudza dambudziko rine mucheche uyo? Akamerera mapundu. Ndizvozvo. Handizvo here? Zvamazvirokwazvo. Hamusi wekuno. Kwete. Mune dambudziko remudumbu, ramuri kutambudzika naro, imi pachenyu. Ndizvozvo, handizvo here? Munobva kuKansas City. Zvakanaka. Dzokerai, Jesu Kristu akupodzai. Hareruya! Tendai. Munotenda nomoyo wenyu wose here?

161 Heuno Mutumwa waJehovha, amira pamusoro pemudzimai muduku—muduku uyu, akaita sewechikuru, agere imo muno, anorwadziwa nehernia. Munotenda kuti Mwari vachakupodzai hernia iyi here, hanzvadzi? Imi, mune karuva katsvuku kaduku panguwani yenyu, simudzai ruoko rwenyu. Zvakanaka. Endai kumba munopora. Amen. O, ndiMwari; ndiKristu Mwanakomana waMwari. Akamuka kubva kuvakafa. Ari pano.

162 Zvino, turikai maoko enyu pamusoro pomumwe nomumwe uye munyatsopa nguva yakanaka yemunyengetero, mumwe nomumwe wenyu, apo ndichikumbira mumwe munhu kuti auye pano. Huyai pano, hama. Apo muine maoko enyu pamusoro pomumwe nomumwe kuratidza kuti Mwari vanopodzawo zvakare, ndine hama pano kuti inamatewo zvakare. (Endererai mberi. Zvakanaka.) Ishe Mwari ngaVarumbidzwe.



UNOZVITENDA HERE IZVI? SHO60-0402
(Believest Thou This?)

Mharidzo iyi nehama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Mugovera, 2 Kubvumbi, 1960, paMunicipal Auditorium muTulsa, Oklahoma, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2017 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org